WIKIPÉDIA

Basa Malta

Basa Malta iku basa Sémitik kang dipituturaké ing Malta, sawijning nagara kapuloan cilik kang dunungé ana ing kiduling Italia. Malta iku uga nagara anggota Uni Éropah lan déné uga siji basa resmi Uni Éropah. Cacahé penutur kurang luwih 370.000 jiwa.

Basa Malta iku siji-sijiné basa Sémitik kang katulis mawa aksara Latin kang dhapuré kang baku. Basa Malta iku varian basa Arab lan isih mèmper basa Arab Tunisia dialèk urban.

Sanadyan basa Malta iku basa Sémitik, nanging kosakatané wis akèh banget kena pangaribawa basa Italia lan uga basa Inggris. Malta naté dadi jajahan Britania Raya.

Basa Malta (*Malti*)	
Péta tlatah panyebaran:	
Dipituturaké ing:	Malta, Italia, Gibraltar, Australia, Amérikah Sarékat, Kanada
Tlatah:	Segara Tengah
Cacah total:	370.000 jiwa
Urutan ing donya:	ora ana ing tingkatan 10
Rumpun basa Klasifikasi:	Basa Afro-Asia Basa Semitik **Basa Semitik Kidul** **Basa Arab** **Basa Malta**
Status resmi	
Basa resmi:	Malta
Diatur déning:	*Il-Kunsill Nazzjonali tal-Ilsien Malti* ("Déwan Nasional Basa Malta")
Kode basa	
ISO 639-1	mt
ISO 639-2	mlt
SIL	MLT

Conto ukara

- *Bonġu* (diwaca : bonju) : Sugeng énjing
- *Bonswa* : Sugeng dalu
- *Il-Lejl it-tejjeb* : Sugeng dalu, sugeng saré
- *Kift int?* : Piyé kabaré?
- *Tejjeb* : Apik-apik waé
- *Grazzi ħafna* : Matur nuwun
- *Saħħa!* : Nganti ketemu manèh!
- *Għandi pjaċir* (diwaca: andi pyacir) : Seneng bisa ketemuan karo sampéyan!

Uga delengen

- Wong Malta

Cithakan:Basa resmi Uni Éropah